

# JWENN SWEN OU BEZWEN YO PANDAN COVID-19



## Ou gen kesyon sou COVID-19?

Rele **311**. Operatè yo kapab reponn kesyon w yo epi mete w an kontak ak resous, sa gen ladan pèsònèl enfimye ki fòme ki kapab ede w deside si w bezwen swen medikal.

Ale sou [nyc.gov/health/coronavirus](https://nyc.gov/health/coronavirus) pou jwenn enfòmasyon sou prevansyon, sou sentòm ak sou sa pou w fè si w malad.



## Ou bezwen doktè?

NYC Health + Hospitals gen swen medikal gratis ak bon mache pou tout moun New York, kèlkeswa estati imigrasyon yo.

Vizite [nychealthandhospitals.org](https://nychealthandhospitals.org) pou jwenn plis enfòmasyon epi pou chèche yon doktè, oswa rele **844-692-4692** oswa **311**.



## Ou bezwen fè tès COVID-19?

NYC ofri tès dyagnostik COVID-19 gratis nan lokal toupatou nan vil la.

Ale sou [nyc.gov/covidtest](https://nyc.gov/covidtest) oswa rele **311** pou jwenn yon lokal.



## Ou bezwen pale ak yon moun de pwoblèm mantal ou?

NYC Well gen resous ak konseye gratis ki disponib, 24 sou 24, sèt jou sou sèt, pou ti seyans konsèy sikolojik ak referans pou swen.

Rele **888-692-9355** oswa ale sou [nyc.gov/nycwell](https://nyc.gov/nycwell).

Liy Èd pou Sipò Emosyonèl pandan COVID-19 (COVID-19 Emotional Support Helpline) Eta New York la ofri sipò gratis ak referans.

Rele **844-863-9314**, ant 8 a.m. ak 10 p.m., sèt jou sou sèt.



## Jwenn swen san krent!

Lè w fè tès oswa resevwa swen pou COVID-19 se pa yon avantaj piblik selon règ chay piblik la.

Pou plis enfòmasyon, rele **311** oswa ale sou [nyc.gov/health/coronavirus](https://nyc.gov/health/coronavirus).

**NYC**